

**Ijans Apre-Ekspozisyon nan Famasi
Pwofilaksi pou Prevansyon pou VIH**

**PEP
POU PREVANSYON
VIH**

4 PWEN SOU PEP POU PREVANSYON VIH

1. Si ou te fè sèks oswa pataje yon zegwi avèk yon moun ki gen VIH, oswa ki pa gen kondisyon VIH li defini;
2. Epi, ekpozisyon an te rive nan dènye 72 èdtan yo;
3. Yon famasyen antrene nan famasi sa;
4. Kapab kòmanse ou sou medikaman pou ede pwoteje ou kont VIH.



PWEN 1

SEKS OSWA ABITID PATAJE ZEGWI KA METE OU A RISK POU VIH

- Relasyon anal (sèks) san kapòt;
- Relasyon vajinal (sèks) san yon kapòt;
- Pataje yon zegwi pou enjekte medikaman.

Pou yon evalyasyon sou risk pou kontrake VIH apati diferan konpòtman, vizite:
www.cdc.gov/hiv/risk/estimates/riskbehaviors.html

Si grenn patnè seksyèl ou se yon moun k ap viv avèk VIH ki te gen yon nivo kantite viris endetektab pou omwen sis dènye mwa yo, pa genyen efektivman okenn risk pou kontrakte VIH atravè sèks.



PWEN 2

SI EKSPOZISYON AN TE RIVE NAN ENTEVAL DENYE 72 EDTAN

SI OU TE KOMANSE PEP OU ANAN ENTEVAL:

0-2 EDTAN sa ba ou pi bon pwoteksyon

2-36 EDTAN sa ba ou bon jan pwoteksyon

36-72 EDTAN sa ba ou mwens pwoteksyon plis tan ap pase

APRE 72 EDTAN sa pa rekòmande

Si plis pase 72 èdtan te pase depi ekspozisyon an, ou ka pran yon randevou avèk yon founisè swen sante oswa òganizasyon kominotè pou:

1. diskite sou sitiyasyon ou;
2. reyalize yon tès VIH;
3. konsidere opsyon prevansyon yo ki ka pi byen fonksyone pou ou, sa ki enkli pwofilaksi pre-ekspozisyon pou VIH (PrEP).



PWEN 3

YON FAMASYEN FOME NAN FAMASI SA

Pliske PEP dwe kòmanse rapidman, yon famasi se yon bon kote pou kòmanse paske:

- Famasi yo souvan tou pre epi louvri pandan tan pwolonje;
- Farmasi yo genyen medikaman PEP nan depo;
- Famasyen yo fome, pou pran swen moun ki ka ede ou nan yon fason konfidansyèl;
- Si ou gen sousi konsènan konfidansyalite, ou kapab mande pou pale ak yon famasyen an prive.



PWEN 4

KOMANSE BA OU MEDIKAMAN PEP

PEP ka prevni VIH lè medikaman an kòmanse pi vit posib epi moun nan pran yo chak jou pandan 28 jou.

Si ou deside kòmanse PEP a nan famasi a, famasyen an pral travay avèk ou pou planifye yon randevou avèk founisè swen sante pi vit posib, nan entèval 1-3 jou.

Founisè swen sante a pral:

1. Evalye ekspozisyon ou ak VIH;
2. Ofri ou tès VIH;
3. Pran yon desizyon sou ba ou yon preskripsyon pou kontinye medikaman pou PEP VIH pou tout 28 jou yo;
4. Evalye ekspozisyon posib ak Epatit B ak C epi adrese yo selon bezwen yo;
5. Diskite avèk ou konsènan pran tout medikamanki preskri yo.

SUIVI POU SWEN

ENFOMASYON KONSENAN RANDEVOU OU POU SUIVI NAN SWEN

Non founisè swen sante oswa biwo

Non founisè swen sante oswa biwo

Nimewo telefòn

Dat ak Lè Randevou a

PrEP

PWOFILAKSI AVAN-EKSPOZISYON (PREP)

Si ou te itilize avèk siksè PEP apre ekspozisyon epi ou vle pwoteje tèt ou anba VIH alavni, ou ka konsidere Pwofilaksi Avan-Ekspozisyon (PrEP). Si tès VIH montre ke ou pap viv avèk VIH, lèsa PrEP se yon opsyon prevansyon pou ou.

APRANN PLIS KONSENAN PREP

www.prepforsex.org or

<http://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/prep-pep.page>

KI KOTE MWEN KA JWENN PREP?

Pale ak founisè swen sante w oswa:

Vizite yon Klinik Sante Seksyèl nan Vil Nouyòk (pou rezidan NYS):

<https://a816-healthpsi.nyc.gov/NYCSiteLocator>

Tcheke Lis Founisè PrEP NYS pou founisè yo nan NYC ak atravè tout leta a:

<https://www.health.ny.gov/diseases/aids/general/prep>

VIH

KISA VIH YE?

VIH (Viris defisyansIminitè Lòm) se yon viris ki asosye avèk SIDA. VIH atake sistèm defans kò a, ke nou rele sistèm iminitè. Moun k ap viv avèk VIH ka pa gen okenn sentòm pandan dis oswa plis ane. Yo ka pa menm konnen ke yap viv avèk viris la. Men, san tretman, pifò moun kap viv avèk VIH te vin pèdi kapasite pou konbat jèm yo oswa lòt viris sa ki pèmèt yo tonbe malad anpil. Yon tèl VIH se sèl fason pou jwenn si yon moun gen VIH. Tretman pou VIH la trè efikas, li gen kèk oswa okenn efè segondè epi ka enplike ke ou pran jis yon grenn konprime pa jou. Li enpòtan pou konnen kondisyon VIH ou.

KI KALTE FASON VIH PA KAPAB TRANSMET?

VIH pa ka pase si ou tou pre yon moun ki ap viv avèk VIH. Li pa ka pase jwenn yon moun atravè piki moustik, estènen, oswa ekspozisyon ak saliv oswa swèkò yon moun oswa nan bay lanmen. VIH pa pase atravè yon bo amwenske genyen san oswa blesi nan jansiv yo, ki sèlman ogmante risk yo lejèman. Kontak òdinè avèk yon moun k ap viv avèk VIH pa pase viris la. Sa vledi ou pa ka janm kontrakte VIH apati yon lòt moun nan pataje asyèt pou manje, kèp pou bwè, syèj twalèt yo, pisin pou naje, basen cho, oswa fontèn dlo yo.

TRANSMISYON VIH

Likid kò a ki ka pase VIH se san, dechay ak likid vajinal yo. VIH ka transmèt lè san, dechay oswa likid vajinal yo soti nan yon moun ki gen VIH antre nan sikilasyon san yon lòt moun. Likid sa yo nan kò a prezan pandan aktivite seksyèl. Risk transmisyon an depann sou kalte konpòtman sèksyèl.

Bagay yo ki ka diminye risk:

Si patnè ou se yon moun k ap viv avèk VIH epi gen yon nivo kantite viris endetektab pou 6 mwa oswa plis, risk pou pase VIH atravè sèks la vin neglijab.

Bagay ki ogmante risk:

Presans san Nenpòt nan patnè yo gen yon MST

Aktivite Seksyèl:

Sèks Oral

Deskripsyon:

Yon moun ki mete bouch li nan ògàn jenital yon lòt moun

Nivo Risk:

Okenn risk oswa risk fèb pou transmet VIH

Aktivite Seksyèl:

Relasyon sèksyèl vajinal

Deskripsyon:

Yon ki gen yon peni rantre peni li anndan vajen yon fanm

Nivo Risk:

Aktivite ak risk mwayen pou pase VIH

Aktivite Seksyèl:

Relasyon sèksyèl vajinal

Deskripsyon:

Yon moun ki gen yon peni rantre peni li anndan anis yon lòt gason oswa fanm

Nivo Risk:

Nivo risk elve pou pase VIH

TRANSMISYON VIH

TRANSMISYON MANMAN POU TIMOUN:

- VIH ka transmet nan yon manman rive nan tibebe li pandan gwosès, akouchman oswa alètman;
- trètman VIH redui grandman chans pou yon fanm transmet VIH bay tibebe li;
- Si ou ansent oswa ka vin ansent, li enpòtan pou fè yon tèst pi vit posib pandan gwosès la epi repete l nan twazyèm trimès la;
- ou ka pran medikaman PEP si ou ansent;
- Si w ap viv avèk VIH, ou ka pran medikaman pou trete VIH ou a epi anpeche ou transmet viris la bay tibebe ou. Ou t ap pran medikaman an pandan gwosès la epi pandan w ap akouche. Tibebe ou la ta p resevwa medikaman an pandan premye semèn yo nan lavi li.

EVITE ENFEKSYON VIH ATRAVE KONPOTMAN SEKSYEL

Si grenn patnè seksyèl ou a se yon moun k ap viv avèk VIH ke nivo kantite viris la te endetektab pou 6 mwa ki pase yo pa genyen okenn riks efektivman pou ou pran VIH atravè sèks.

Si ou pa konnen stati VIH patnè seksyèl ou, ou ka pwoteje tèt ou kont VIH nan:

- Evite relasyon seksyèl vajinal oswa anal.
- Pratike monogami resipwòk kote toude patnè yo te fè tès epi konnen yo toude negatif pou VIH epi yon pa fè sèks avèk okenn lòt moun.

Sa yo se kèk chwa ke kèk moun fè pou evite enfeksyon VIH. Apwòch sa yo ofri yon gwo nivo pwoteksyon:

- **Kapòt:** Itilize kapòt gason oswa fanm touutan epi kòrekteman chak fwa w ap fè sèks founi pwoteksyon kont VIH ak lòt enfeksyon yo ki transmèt nan sèks.
- **Pwofilaksi Avan-Ekspozisyon (PrEP):** Yon medikaman pou moun ki p ap viv avèk VIH pran yon fwa pa jou pou prevni VIH. Lè moun pran l toutan, li pwouve ke PrEP redui risk enfeksyon VIH atravè sèks ant 92-99%. Itilizasyon kapòt ansanm ak PrEP founi pwoteksyon kont VIH ak lòt enfeksyon yo ki transmèt seksyèlman.

EVITE ENFEKSYON VIH ATRAVE KONPOTMAN SEKSYEL

- **Sèks Oral:** Sèlman fè sèks oral (bay oswa resevwa) konsidere kòm yon aktivite risk minimal pou enfeksyon VIH.

Genyen fason enpòtan pou redui risk enfeksyon VIH. Sa yo konsidere kòm estrateji pou redui danje, paske toujou gen yon risk pou kontrakte VIH si yon patnè ap viv avèk VIH epi viris yo pa elimine.

- **Itilize librifikasyon:** Ekstra librifikasyon, tankou lwil KY, ka redui chans pou blese ak dechiri nan po a oswa manbràn mikis sou peni an, rektòm oswa vaje an. Sa redui chans pou genyen san oswa redui kapasite pou VIH antre nan kò a.
- **Depistaj tanzantan MST ak tretman:** Yon iritasyon oswa enflamasyon apati yon enfeksyon ki ka transmèt seksyèlman ka pèmèt VIH antre nan kò yon moun ki pa genyen VIH, pandan ke tipikman yon po entak t ap bloke li. Pou moun k ap viv avèk VIH, kontrakte yon enfeksyon ki transmèt nan sèks ka ogmante chans pou pase VIH bay lòt moun.

KAPOT GRATIS

Pwogram aksè a kapòt NYS: NYSDOH mete kapòt gratis disponib pou òganisasyon elijib ki founi yo pou piblik la. Pou enfòmasyon konsènan òganizasyon toupre w vizite:

www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/condoms/nyscondom.htm oswa voye yon imél nan: **nyscondom@health.ny.gov**. Rele oswa vizite òganizasyon an pou aprann kijan pou jwenn kapòt oswa ki knatite yo founi yon sèl kou.

Vil Noyòk: Kapòt NYC: Kapòt gason gratis, kapòt fanm ak librifyan. Pou plis enfòmasyon, rele 311 oswa vizite

www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/condom.page

Aksè ak kapòt nan Lekòl yo: Distri Eskolè yo ka mete kapòt disponib pou elèv yo kò eleman nan pwogram enstriksyon sou VIH/SIDA nan distri yo a. Depatman Edikasyon LEta Nouyòk (NYSDED) te tabli yon pwosesis ak yon ribtik evalyasyon

www.p12.nysed.gov/sss/documents/NYSED-CAP-update.4.25.14.pdf pou etablisman yon Pwogram Kapòt Disponib (CAP), ki ta dwe ranpli epi rive jwenn NYSED pou revizyon ak apwobasyon. Apre apwobasyon an, distri eskolè yo ka ansuit mande kapòt nan pwogram kapòt disponib NYS la nan

www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/condoms/nyscondom.htm.

KAPOT GRATIS

**Kapòt yo ap distribye tou atravè: Liy espesyal
Nan tout eta a: 800-541-2437, oswa
Liy Espesyal Konsèy sou VIH: 800-872-2777.**

Aktyèlman, politik yo se pou limite kòmand yo a yon maksimòm 10 kapòt pa apèl. Yon mou dwe gen laj 18 ane omwen epi gen yon adrès nan Eta Nouyòk. Politik sa ta chanje akòz demand ak disponiblite kapòt yo.

Medicaid pral kouvri pri kapòt yo tou. Founisè swen sante ou ka ekri yon preskripsyon pou yo si ou mande sa.

Ou ka achte kapòt tou nan boutik acha, famasi ak anliy.

WVITE ENFEKSYON VIH ATRAVE ITILIZASYON DWOG

TRANSMISYON ITILIZASYON SIBSTANS

Pataje zegwi ak enstriman pandan itilizasyon dwòg pa enjeksyon se yon konpòtman gwo risk pou transmet VIH soti de yon moun ak yon lòt. Puisse san ka prezan nan zegwi, sereng, bonm oswa dlo ki itilize pandan enjeksyon an, VIH ka pase fasilman lè moun pataje bagay sa yo.

EVITE ENFEKSYON VIH

Moun ki itilize dwòg ta dwe toujou itilize zegwi, sereng, ak enstriman nèt epi evite pataje yo. Itilizatè dwòg pa enjeksyon yo jwenn ankourajman pou itilize, sereng nèt, esteril chak fwa pou prevni VIH.

Genyen twa fason pou jwenn zegwi ak sereng nèt nan leta Nouyòk:

- 1. Nan yon famasi:** Nan Leta Nouyòk, Pwogram Aksè Pwolonje pou Sereng (ESAP) pèmèt famasi ki anrejistre yo vann jiska dis sereng yon sèl kou, san yon preskripsyon, bay adilt 18 lane oswa plis. Pou jwenn famasi ESAP yo, epi pou reponn kesyon konsènan VIH/SIDA ak sereng san danje ak eliminasyon zegwi, rele Liy Espesyal VIH/SIDA Leta Nouyòk la nan 1-800-541-AIDS (Anglè) oswa 1-800-233-7432 (Españòl).

WVITE ENFEKSYON VIH ATRAVE ITILIZASYON DWOG

Pou jwenn famasi ki patisipe nan Pwogram ESAP la, vizite:

www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/prevention/needles_syringes/esap/provdirect.htm

2. Nan yon Pwogram Echanj Sereng (SEP), rele tou Pwogram Echanj Zegwi yo tou:

SEP yo se andwa kote moun ki itilize dwòg ka gen aksè nan yon gran varyete sèvis ki enkli twoke sereng ki sèvi pou sereng nèf, pwòp. SEP yo lokalize nan anpil zòn nan Leta Nouyòk.

Pou jwenn yon SEP nan zòn pa w, vizite:

www.health.ny.gov/diseases/aids/providers/prevention/harm_reduction/needles_syringes/

Rele Liy Espesyal VIH/SIDA Eta Nouyòk la nan 1-800-541-AIDS (Anglè) oswa 1-800-233-7432 (Espanyòl).

3. Apati doktè ou: Dapre ESAP, sant swen sante yo ansanm ak doktè yo ak lòt founisè swen sante yo ka preskri sereng epi founi sereng san preskripsyon. Pale ak doktè ou konsènan fason pou gen aksè ak zegwi ak sereng pwòp.

Si li pa posib pou w jwenn nouvo ekipman nèf, moun ki pran dwòg pa enjeksyon ka diminye risk transmisyon VIH nan netwaye zegwi ak enstriman yo avèk klowòks imedyatman apre itilizasyon epi jis avan reyitilizasyon.

ENSTRIKSYON POU NETWAYE YON ZEGWI AK SERENG AVEK KLOWOKS & DLO

Si ou pa kapab jwenn yon sereng nèf, bon netwayaj ka redui risk pou ou kontrakte VIH ak lòt maladi ki transmèt nan san yo.

- 1. Ranpli sereng lan epi rense zegwi a avèk dlo pou retire tout san an. Pouse dlo a soti.**
- 2. Ranpli sereng lan avèk klowòks konsantre epi ajite li; apre 30 segond, pouse li soti atravè zegwi a.**
- 3. Ranpli sereng lan epi rense zegwi a avèk dlo pu retire klowòks la. Pouse dlo a soti.**

Sonje pou itilize dlo nèf, pwòp epi separe resipyan dlo yo pou chak etap yo 1–3.

Pa itilize dlo cho pou netwaye paske sa ka lakòz san kaye epi fèl difisil pou netwaye.

KONNEN PREMYE SIY VIH YO

Li ka itil pou enfòmè konsènan premye siy ak sentòm enfeksyon VIH yo. Sentòm sa yo ka kòmanse de rive twa semèn apre ou te pran enfeksyon VIH la. Sentòm yo ka dire jis kèk sou oswa semèn. Anpil moun ki vin enfekte avèk VIH pral fè eksperyans sentòm sa yo men se pa tout moun.

Sentòm pou nou atann yo se: malgòj, gland anfle, fyèv, bouton, doulè jwenti oswa mis, dyare, sansasyon fatig, amigdalit oswa plè nan bouch. Men kijan ou ka fè diferans ant grip ak VIH prematire:

- Grip enkli tous, estènen, ak konjesyon nazal ki pa rive avèk VIH prematire.
- VIH prematire enkli bouton ak plè nan bouch ki dabitid pa rive avèk grip.

Si ou panse ou te fè eksperyans siy ak sentòm VIH prematire yo, ale wè founisè swen sante pi vit posib.

RESOUS POU APRANN PLIS KONSENAN VIH

Depatman Sante Eta Nouyòk

www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/hiv_basics/index.htm

Depatman Sante Vil Nouyòk

www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/aids-hiv.page

Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi

www.cdc.gov/hiv/basics/index.html

9870
(Haitian Creole)



**Department
of Health**

12/17